НОВОВВЕДЕНИЯ СОВРЕМЕННОГО НАУЧНОГО РАЗВИТИЯ В ЭПОХУ ГЛОБАЛИЗАЦИИ: ПРОБЛЕМЫ И РЕШЕНИЯ
РЕСПУБЛИКАНСКАЯ НАУЧНО-ПРАКТИЧЕСКАЯ КОНФЕРЕНЦИЯ
VOLUME:3 ISSUE:2

# DÁSTÚRIY QOSIQSHILIQ SABAǴIN MODULDE OQITIW METODIKASI

**Qabulova Sayyora Odilboyevna**
*NMPI magistrantı*

***Anatatsiya:*** *Dástúriy qosıqshılıq sabaǵın modulde oqıtıw haqqında aytqanda, bul qatnas dástúriy kórkem ónerdi zamanagóy bilimlendiriw texnologiyalarına beyimlestiriwdi, yaǵnıy modul tiykarında oqıtıwdı názerde tutadı. Tómende bul procesti nátiyjeli shólkemlestiriw ushın metodikalıq qatnas hám usınıslardı keltiremiz:*

*Modul - bul óz betinshe oqiw bólimi bolip, ol anıq maqset, mazmun, oqiw tapsırmaları, bahalaw kriteriyaları hám nátiyjege bagdarlangan iskerlikten ibarat boladı. Ol oqıwshını óz betinshe úyreniw hám dóretiwshilik jumısqa tartıwǵa xızmet etedi.*

***Gilt sozler:*** *Dástúr, Modul, kriteriya, process, Dástúriy qosıqshılıq, mádeniyat,ekspressiya.*

Dástúriy muzıka dóretiwshiligine salıstırǵanda bir neshe óz-ara baylanıslı termin hám túsinikler qollanıladı: "Muzıkalıq folklor", "Xalıq muzıka dóretpesi", "Milliy muzıka dástúrleri", "Muzıka miyraslari", "Milliy muzıka", "Ustaz-shákirt jolı" hám basqalar. Hár bir túsinik dástúriy muzıka dóretiwshiligin belgili qásiyetlerin sáwlelendiredi. "Xalıq muzıka dóretpeleri" termini xalıq úrp-ádetleri, túrli dástúr hám bayramları menen baylanıslılıǵın, olardı túrli sharayatlar tásirinde júzege kelgenligin sáwlelendiredi. "Muzıka miyrasları" túsinigi dástúriy dóretpeniń tariyxıy túbirlerge iyeligi, ásirler dawamında rawajlanıp kiyatırǵanlıǵı hám ol arqalı xalıqlardıń ruwxıy qádiriyatları saqlanıp keliniwi belgilenedi. "Ustaz-shákirt dástúri" termini járdeminde awızsha muzıka úlgileriniń áwladdan - áwladqa ótiw jolları, ustaz -shákirt dástúrı arqalı saqlanıp kiyatırǵanlıǵı kórsetiledi.

Dástúriy qosıqshılıq sabaǵın modul tiykarında shólkemlestiriw basqıshları:

1. Modul atı: "Dástúriy qosıqshılıq" bunıń tiykarı - nama, usıl hám atqarıw óneri.

2. Modul maqseti:

Studentlerde ózbek dástúriy qosıqshılıq kórkem óneri boyınsha tiykarǵı bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardı qáliplestiriw, olar arqalı milliy mádeniyatqa húrmet sezimin arttırıw.

3. Oqiw nátiyjeleri:

Modul juwmaǵında student:

Dástúriy qosıqshılıq jolların aytıp bere aladı (maqam, folklor, kata).

Qosıq). Saz hám usıl ózgesheliklerin túsinedi.

Ámeliy shinigiwlarda maqom jolların atqara aladı.

Saxna mádeniyatına ámel etedi.

Jergilikli qosıqshılardıń usılların talqılay aladı.

Ózbek dástúriy qosıqshılıǵı - xalqımızdıń kóp ásirlik mádeniy miyrasına tiykarlanǵan, ózine tán ırǵaq, usıl hám qosıq aytıw mekteplerine ie bolǵan bay kórkem

óner tarawı bolıp esaplanadı. Bul qosıqshılıq jolları ustaz-shákirt dástúri tiykarında qáliplesip, aymaqlıq, janrlıq hám usılıy jaqtan hár qıylı bolıwı múmkin.

Tiykarǵı dástúriy qosıqshılıq jolları:

1. Shashmaqom jolı. Ózbek professional muzika ónerinińeń quramalı hám joqarı forması esaplanadı. Buxara hám Xorezm mektepleri tiykarında rawajlangan. 6 maqomnan (Buzruk, Rost, Navo, Dugoh, Segoh, Iroq) ibarat bolip, hár biri bir neshe bólimnen quralǵan. Aytıwda ózine tán talaffuz, awız hawazı, usıl (ritm) hám saxna mádeniyatı áhmietli.

2. Úlken qosıq joli. Tiykarınan Fergana oypatlıǵına tán. Kúshli hawaz, keń diapazon, kúshli tembr hám kúshli ekspressiya talap etiledi. Doslıq, muhabbat, watanǵa sadıqlıq sıyaqlı temalar sáwlelendiriledi. Saz ásbabsız atqarılıwı menen parıqlanadı.

3. Xorezm maqomları. Xorezm úlkesine tán bolgan dástúriy atqarıw mektebi. Ózine tán maqom sisteması (Buzruk, Rost, Navo, Dugoh, Segoh, Iroq hám panjgah).

4. Folklor qosıq jolları. Jırlawshılıq (ansamblde atqarıw), dawısta ses renleri menen islew óneri rawajlanǵan. Xalıq awızeki dóretiwshiligi tiykarında qáliplesken. Awil hám aymaqlarga tán bolgan xalıq qosıqları (lirik, miynet, máresim, házil qosıqlar). Ápiwayı namalar, tákirarlanıwshı bólimler, jırlanıw bar.

Nama hám usıl ózgeshelikleri - dástúrlik qosıqshılıqta áhmiyetli túsiniklerden bolıp, olar atqarıwdıń mazmunı, bayanlanıwı hám estetikalıq kórinisin belgileydi. Tómende bul eki túsinik arasındaǵı tiykarǵı ayırmashılıqlar, olardıń mánisi hám áhmieti haqqında túsinik beriledi.

1. Saz (melodiya) -bul ne? Naǵıs - bul namanıń sesler izbe-izligi, muzikalıq pikirdi anlatıw quralı. Namánıń tiykarǵı mazmunın hám sezimlik jaǵdayın belgileydi. Ses bálentligi, temp (tezlik), intonaciya, ritm sıyaqlı elementlerden ibarat boladı. Qosıqshı ırǵaqtı anıq yadlap, jırlawı kerek boladı. Misal: "Rost" maqamındaǵı ırǵaq - bul qanday nama atqarılıp atırǵanın anıq bildiredi. Yamasa baqsıshılıq ónerinde Muxalles naması qaysı dastanda qay waqıtı atqarılıwı. Saz ózgeriwi - sezimlerdiń ózgeriwine alıp keledi: qayǵılı, shadlıq, romantikalıq h.t.b.

2. Usil (stil) - bul ne? Usil bul ırǵaqtıń qalay bayan etiliwi, yaǵnıy qosıqshınıń jeke qatnası, atqarıw usılı. Usıl: Qosıqshınıń dawıs imkaniyatları, sezimleri hám jeke estetikası menen aylanıslı. Bir nama hár túrli qosıqshılar tárepinen hár túrli usılda atqarılıwı múmkin. Hárbir aymaqtıń, mekteptiń ózine tán atqarıw usılı bar (máselen, Fergana usılı - yoshlı; Qaraqalpaq mektebi – qattı ritmik, qatań hám tereń). Misal: Bir atqarıwshı "Ǵarip-Ashıq" dastanın basqa sha nama menen atqaradı al basqa mektep basqasha aytadı (mısalı, Bala baqsı basqası bolsa Aqımbet baqsı).

Írǵaq hám usıl arasındaǵı tiykarǵı ayırmashılıqlar:

| Belgiler | Írǵaq | Stili |
|---|---|---|
| Mánisi | Nama, muzıkalıq bayanlaw | Namalardı qalay aytıw usılı |
| Turaqlılıq | Turaqlı, belgilengen | Ózgeriwsheń, dóretiwshi |
| Tiyisliligi | Barlıq qosıqshılarǵa ulıwma | Hár bir qosıqshıǵa individual |
| Atqarıwdaǵı roli | Texnikalıq tiykar | Kórkem sóylew quralı |
| Misal | "Ílǵal"naması hawazi | Baqsıshılıq |

Atqarıwshı hár bir namanı óz usılında ayta alıwı, onıń sheberligi, talǵamı hám tájiriybesine baylanıslı. Usıl arqalı qosıqshı namaǵa jan baǵıshlaydı, tıńlawshınıń qálbine tásir etedi. Aymaqlıq mektepler tiykarında qosıqshılıq jolları:

| Aymaq | Atqarıwshılıq mektebi ózgesheligi |
|---|---|
| Buxara-Samarqand | Shashmaqomınıń klassikalıq usılı, tınısh, tereń mánili atqarıw hám badiga janrı |
| Fergana-Tashkent | Katta ashula, kushli dramatikalıq atqarıw bálend dawıs perdesi |
| Xorezm | Xorezm maqamları, baqsıshılıq hám xalpashılıq mektebi |
| Tashkent-Samarqand | Klassikalıq hám zamanagóy aralaspa, qala mádeniyatına sáykeslengen |
| Qaraqalpaq | Joqarı diopozonǵa iye baqsıshılıq hám jıraw atqarıwshılıq mektebi |

Belgili qosıqshılar (jollar boyınsha):

Shashmaqom - Jurabek Murodov.

Katta ashula - Munojat Yulchieva, Matluba Dadaboeva

Xorezm maqomi –Otajan Xudayshukurov, Komiljon Otaniyozov.

Folklor qosıq - Ózbekstan xalıq qosıqshıları (hár qıylı aymaqlardan)

Dástúriy qosıqshılıq boyınsha ámeliy shınıǵıwlarda orınlanatuǵın jumıslar

Ámeliy shınıǵıwlar - bul studentlerdiń teoriyalıq bilimlerin atqarıw arqalı bekkemlew, nama hám usıldı ámeliy tárizde ózlestiriw, sonday-aq, saxna mádeniyatın qáliplestiriw imkaniyatın beretuǵın sabaqlar bolıp tabıladı.

Ámeliy shınıǵıwlardıń tiykarǵı maqsetleri: Qosiqlardı duris hám nama menen orinlawdi úyretiw. Hár qıylı qosıqshılıq jolların ámeliy qollanıw. Qosiqshınıń dawsın tárbiyalaw, uslublıq bayanlıqtı rawajlandırıw. Saxna mádeniyatı, ózin tutıw, mimika hám jestler menen islewdi shınıǵıw islew.

Ámeliy sabaq mazmuni hám iskerlik túrleri:

| Basqısh | Háreket túri | Túsindirme |
|---|---|---|
| 1.Vokal shinigiwlar | Dem aliw, hawaz hám rezonans ústinde islew | Dem aliwdi qadagalaw, ses shigarıw shinigiwları, gammasiman namalar. |
| 2.Qosıq namasın ózlestiriw | Ustaz benen birge qosıq atqarıw | Tańlangan qosıq yaki maqomdi basqıshpa-basqish úyreniw. |
| 3.Individual jumis | Talabanıń ózbetinshe atqarıwıwı | Hár bir talabaǵa individual usılda islew imkaniyatı |
| 4.Tıńlap talqılaw | Qosıq jazıwların esitip, qosıqshınıń usılın (stil) hám mektebin anıqlaw | Ataqlı atqarıwshılar mektebi usılın talqılaw |
| 5. Duet hám topar shınıǵıwları | Ansambl hám duet bolıp shınıǵıw islew | Duette yamasa toparda ırǵaqtı úylestiriw shınıǵıwları. |
| 6.Saxna shıǵıwına tayarlanıw | Saxna háreketi, auditoriyaǵa múrájat etiw, kiyiw mádeniyatı | Mini-koncertler, kórgizbeli shıǵıwlar |
| 7. Bahalaw | Portfolioǵa atqarıw jazıwların kirgiziw hám óz ara talqılaw | Talabalar óz shıǵıwların bahalaydı yamasa oqıtıwshı tárepinen islep shıqqa ólshem tiykarında bahalaydı |

Ámeliy tapsırmalarǵa mısallar:

1. Tapsırma: Tańlangan qosıq úlgisin ("Mıń tumen", "Daryasan") qosıǵın ustaz benen shertiw hám atqarıw, soń jeke tártipte tákirarlań.

2. Shinigiw: "rost" maqamındaǵı bir bólimdi dáp jolı menen registr járdeminde atqarıw hám ritm qaǵıp beriw.

3. Talqılaw jumısı: Belgili atqarıwshı atqarıwındadástúriy bir qosıqtı tıńlap, qanday usılda yamasa qaysı mektepke tiyisli ekenin anıqlań.

4. Saxna tayarligi: Qosıqtı aytıp atırǵanda kóz benen auditoriyanı qaratıw olardıń qabıl etiwi hám sezimdi mimika arqalı kórsetiwge itibar qaratıń.

Ámeliy shınıǵıw ushın kerekli qurallar:

Dáp, duwtar, rubap sıyaqlı saz ásbapları.

Audio jazıwlar (baqsı-jırawlar, maqamlar, salt-dasturler)

Mikrofon hám kishi saxna (yamasa auditoriya)

Video analizlew quralları (kameraǵa túsiriw, óz atqarıwın kóriw)

Saxna mádeniyatına ámel etiw - bul qosıqshınıń tek ǵana qosıq aytıw sheberligi emes, al professional dóretiwshilik shıǵıw ádeplerine ámel etiwin bildiredi. Saxna mádeniyatı - dástúriy qosıqshılıqta áhmietli quram bólegi bolıp, qosıqshınıń abırayı, tıńlawshı menen ruwxıy baylanısı, sonday-aq, xalıq kórkem óneriniń abırayın saqlawda úlken orın ieleydi. Saxna mádeniyatı túsinigi nelerdi óz ishine aladı?

| Baǵdar | Sipatlaması |
|---|---|
| -Sırtqı kórinis | Milliy úrp-ádetke say kiyiniw (baqsı-jırawlar, maqamlar, salt-dasturlerge say kiyim), tártipli hám taza boliw |
| - Saxna háreketi | Ózin tutıw, mikrofon menen islesiw, háreketlerdi qadaǵalaw (júris-turısta ápiwayılıq) |
| -Tıńlawshıǵa múrájat | Kóz menen baylanısıw, ápiwayı kóz qaras, tıńlawshınıń sezimlerin hám dıqqatın qaratıw |
| -Sóylew mádeniyatı | Shıǵıw aldınan yamasa sońında qısqasha sóylesiw (sálemlesiw, qosıq haqqında qısqasha maǵlıwmat). |
| -Atqarıw mádeniyatı | Sazdı buzıp aytpaw, artıqsha ózgerislerden saqlanıw, janrdı húrmet etiw. |
| -Hissiyot ifodasi | Qosıqtı sezinip atqarıw - jalǵan dramatizm emes, bálki ishki sezim-tuyǵı arqalı kórsetiw |
| -Waqıtqa ámel etiw | Berilgen waqıt ishinde atqarıw, basqa qatnasıwshılarǵa húrmet hám waqıtın almaslıq |

Ámeliy tapsırmalar (Saxna mádeniyatı boyinsha):

1. Shinigiw: Oqıwshı qosıq atqarıp atırǵanda aynaǵa qarap shınıǵadı, bet kórinisi, qol háreketleri hám tik turiw jagdayına itibar beredi.

2. Tapsırma: "Oyınnan aldın hám sońında qalay sálemlesiw kerek?" temasında rol oynaw shinigiwi ótkeriledi.

3. Bahalawshı shıǵıw: Topar aǵzaları bir-biriniń shıǵıwların saxna mádeniyatı ólshemleri boyınsha analizleydi (kiyiniw, jaǵday, auditoriyaǵa múrájat).

4. Video talqılaw: Belgili qosıqshılardıń saxna shıǵıwlarınan kórinisler kóriledi hám "atqarıw + saxna mádeniyatı" tárepleri ajıratıp alınadı.

Bahalaw kriteriyaları (Saxna mádeniyatı boyınsha):

| Kórsetkish | Ball |
|---|---|
| Kiyim hám sırtqı kórinis | 5 |
| Saxnada ózin tutıw | 5 |
| Tıńlawshı menen pikirlesiw | 5 |

| Kórsetkish | Ball |
|---|---|
| Saxna háreketi hám kórinisi | 5 |
| Uliwma shıǵıw mádeniyatı | 10 |
| Jámi: | 30 ball |

Dástúriy qosıqshı - bul tek ǵana qosıq aytıwshı emes, al saxnada mádeniyat, milliylik, salmaqlılıq hám kórkem ónerdi tárbiyalıq mániste kórsetetuǵın shaxs bolıp tabıladı. Saxna mádeniyatı - tamashagóydiń qosıqshıǵa bolǵan isenimi hám húrmetin arttıradı. Jergilikli qosıqshılardıń usılların talqılay alıw - bul dástúriy qosıqshılıqtı úyrenip atırǵan studentler ushın atqarıw kónlikpelerin tereńlestiriw, tıńlaw hám talqılaw arqalı usıllar ayırmashılıǵın ańlay alıw sheberligin rawajlandırıwǵa xızmet etedi.

Oqiw maqseti: Student túrli aymaqlıq mekteplerge tiyisli jergilikli belgili qosıqshılar atqarıwın tıńlaydı, olardıń metodikalıq ózgesheliklerin anıqlaydı, olardı talqılay aladı.

Talqılanatuǵın tiykarǵı metodikalıq kórsetkishler:

| Analiz bagdarı | Soraw yamasa kriteriyası |
|---|---|
| Dawıs tonı hám tembri | Qosiqshınıń dawısı qanday? Jumsaq pa, kúshli me, tómen yamasa joqarı tembrde me? |
| Atqarıw usılı | Liriyalıq pa, dramalıq pa, dinamikalıq pa yamasa tınısh pa? |
| Aymaqlıq usil | Fergana, Buxara, Xorezm yaki Tashkent mektebine tán be? |
| Aytılıwı hám diksiyasi | Sózlerdi qalay anlatadı? Dialekt bar ma? |
| Maqom yaki qosıq túri | Qanday jolda atqarmaqta - maqom, úlken qosıq, xalıq qosıǵı yaki zamanagóy usılda? |
| Ím-ishara hám kórinis | Saxnadaǵı háreketi qanday? Sezimlerin qalay kórsetedi? |
| ansambl | Jeke yaki saz ásbapları menen be? Qanday sáykeslikte? |

Jergilikli belgili qosıqshılar hám olardıń usıllarına mısallar:

| Atqarıwshı | Aymaq | Úsıl ózgeshelikleri |
|---|---|---|
| .... | Buxara-Samarqand | Názik tereń mániske iye ózbek-tájik ırǵaqlar |
| Komiljon Otaniyozov | Xarezm | dastanshılıq janrın ustası, namaǵa say, kúshli tembr, sezimlerge bay |
| Tavakkal Qodirov | Fergana-Toshkent | Katta ashula ustasi, kúchli ses hám joqarı perdege iye |
| Teńel Kalliev | Qaraqalpaq | Baqsıshılıqtıń Aqımbet – Súyew mektebi |

| Atqarıwshı | Aymaq | Úsıl ózgeshelikleri |
|---|---|---|
| | | jolında hám tenor dawista |
| Sheram baqsi | Surxandarya-Qashqadarya | Sherabad baqsıshılıq mektebi, ishki ses hám qısqa diopozon |

Ámeliy analiz tapsırması (úlgi)***Tapsırma: Tómendegi qosıqshını tıńlań: Sheram baqsinıń- "Alpamız" dastanınan úzindi tıńlaw hám tómendegilerge juwap beriń***

***1. Qaysi aymaqlıq mektepke tiyisli?2. Qanday usılda aytıp atır 3. Dawısınıń tembr ózgeshelikleri qanday?4. Qanday ásbapta?5. Saxna kórinisi haqqında pikiriniz?***

| Kórsetkish | Ball |
|---|---|
| Aymaq mektebin anıqlaw | 5 |
| Salıstırıw sheberligi | 5 |
| Atqarıwdaǵı sezimdi túsindiriw | 5 |
| Odawis diopozonın analizlew | 5 |
| Ulıwmalıq pikirlerdi tiykarlı talıqlawǵa | 5 |
| Jámi | 25 ball |

Talqılaw kónlikpesin bahalaw kriteriyaları:

4. Modul dúzilisi (bólimler):

| Bólim | Mazmunı | Jumıstúri |
|---|---|---|
| 1.Dástúriy qosıqshılıqtıń tariyxı | Ózbek qosıqshılıq óneriniń qáliplesiwi | Lekciya, videosabaq |
| 2.Írgaq hám muzıka janrınıń túsinikleri | Maqomat, baqsıshılıq, jırawshılıq hám salt-dástúr qosıqları | Tıńlaw, talıqlaw |
| 3. Talqılaw hám usıl | Belgili qosıqshılardıń usılı | Tıńlap talqılaw, ámeliy atqarıw |
| 4 Atqarıw ámeliyatı | Qosıq aytıw, tonlıqta usıl saqlaw | Toparlıq shınıǵıw, jeke atqarıw |
| 5. Bahalaw hám talqılaw | Juwmaqlawshı koncert hám óz ara bahalaw | Bahalaw kriteriyaları tiykarında shıǵıw |

5. Bahalaw kriteriyaları:

| Kriteriya ólshemi | Ball |
|---|---|
| Maǵlıwmattı dúris túsindiriwi | 20 |
| Atqarıw texnikası hám ırǵaqqa ámel etiwi | 30 |
| Uslubiy ózgesheliklerdi saqlawı | 20 |
| Saxna mádeniyatı | 10 |
| Dóretiwshilik kózqaras | 20 |

6. Oqıtıw usılları: Interaktiv sóylesiw, ámeliy orınlaw, audio/videomateriallardan paydalanıw, jeke tártiptegi trenerlik, portfolio usılı (student dóretiwshilik jumısları toplamı)

7. Zárúr qurallar: Audio jazıwlar (maqamlar, qosıqlar, dastanshılıq), video kórsetiwler, muzika ásbapları (doira, tanbur, duwtar), saxna yamasa klass bólmesi.

**Tájiriybe-sınaw nátiyjeleri**: Dástúriy qosıqshılıqtı talabalarǵa oqıtıw modulında berilgen hám de biz usınılǵan metodikalıq kórsetpe tiykarında biz 3$^{a}$ hám 3 $^{b}$toparlarında alıp bardıq.

Bunda 3 $^{A}$ toparı tájiriybe "B"-toparı sınaw toparı boldı. Olar menen aldıngı jıldan beri Muzıkalıq tálim kafedrası professorı D.Allanazarov menen birge ámeliyat ótip bardım. Olarǵa qanday bul pánni oqıtıw múmkinshilikleri, jetispewshilikleri hám bárshe isleniwi kerek bolǵan ilajlardıń teoriyalıq jaqtan turli ádebiyatlar, ilimiy jumıs juwmaqları hám internet materiallarınan qarap keldim.

Toparda 25 talaba bolıp olardıń kópshiligi bazalıq diplomları folklor esaplanadı, biraq qızıǵıwshılıǵı tómenlew bolǵanlıǵı sebeplı sabaqta basqasha ámelge asırdıq.

Tájiriybe toparı háptesine 2 márte arasında bir márte ótilip turdı olardıń saatları joqarıda aytqanımızday ózbetinshe sabaǵı arqalı olar menenm jantasıp anketa sorawları tarqattıq sebebi bul eki topardıń bilim hám ózgesheliklerin belgili bir ólshemin alıw ushın. Olardıń bilimleri hám pikirlew ózgeshelikleri bir turde ekenligi topardıń 55% tı (13 talabaǵa) dástúriy qosıqshılıq sabaǵın onsha jaqtırmaytúǵınlıǵı, bul sabaqta zerigiwi anıqlandı. Al 12 talaba folklor qosıqlarına qániygeligi sebepli jaqsı múnásebette ekenligi anıqlandı.

Berilgen sillabustaǵı TDPU dıń úlgi pán dástúrine qaray sabaqtı temaların ótiwge háreket ettik biraq qosımsha hám ózbetinshe olar menen metodikalıq kórsetpedegi baǵdarlardı ámelge asırıw ushın talabalar menen(a) topar menen sawbetlesip aldıq.

**Paydalanilǵan ádebiyatlar:**

1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1988ж. 492б.
2. Abduraim Tursunov., "An'anaviy xonandalik", Termiz - 2019;

3. Гадло А.В. Этнография народов Средней Азии и Закавказья: традиционная культура: Учебное пособие. - СПб.: Изд-во С.- Петербургского университета, 1998. 2. Каракалпаки // https://kyrgyz.ru/articles/karakalpak 3. Культура каракалпаков // https://www.advantour.com
4. Жыраў намалары. Саз ноталары, -Нөкис: Қарақалпақстан, 1991. 316б.
5. Махсетов К., Тажимуратов А., «Қарақалпақ фольклоры», Нөкис – 1979ж.
6. Mamadaliyev Fattohxon. "Milliy muzıka atqariwshılıgi masalalari", Toshkent 2001.
7. Matyakubov Sh. “Ansambl atqariwshılıgi uslubiyati” T.: 2022 y
8. Mamadaliev F. Milliy muzıka ijodiyoti masalalari. – T. “Yangi asr avlodi”. 2001.
9. Павел Петрович Иванов «Қарақалпақлар тарийхының очерки»-«Материали по историй Каракалпаков» -М.: -1935ж. 9-89-б.б.
10. Основы этнографии. Учебное пособие для спо // под ред. Козьмина В.А., Бузиной В.С.- Из-ва Юрайт.- 2020.- 243 с.
11. 11.Қарақалпақ фольклоры. IV-XIII-том. Көп томлық. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис-1981ж.
12. Основы этнографии. Учебное пособие для спо // под ред. Козьмина В.А., Бузиной В.С.- Из-ва Юрайт.- 2020.- 243 с.
13. Sultonov A. Mumtoz ashula va qo‘shiqlar ijrochilari va bastakorlari. Toshkent – Innovatsiya-Ziyo. 2021.
14. Tursunov Abduraim. "Dasturiy qosıqshılıq" Termiz - 2019;